ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№31 (21.439) ● 2009 гъэм мазаем (февралым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Ди къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я теплъэр зэлъытар

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ яІуцІащ республикэм и Архитекторхэм я союзым хэтхэм. А зэІущІэм къырихьэлІат ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министр Афэщіагъуэ Михаилрэ щэнхабзэмкІэ министр Фырэ Русланрэ.

КъАНОКЪУЭАрсен къыхигъэщащ республикэм щауфхуэр кризисым и зэранкІэ нэхъ мащІэ зэрымыхъунур. Абы къыхэкІыуи, архитекторхэм я лэжьыгъэм куэдкІэ елъытащ республикэм и кьалэхэм, кьуажэхэм сыт хуэдизкІэ заужьыными. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым къыщІыхилъхьар Архитекторхэм я союзым хэтхэр къэзыгъэзавэ Іуэхугъуэ псоми тепсэлъыхьыну.

А союзым и лэжьыгъэм теухуауэ зэІуІэм къыщыпсэльащ абы и унафэщІ **Макаров Владимир**. Абы къыхигъэщащ республикэм и архитекторхэм я лэжьыгъэр щІыпІэ жыжьэ куэдым къызэрыщаІыхур, Ипщэ Федерал оргъум хьихьэ щІыналъэ куэдым абыхэм я проектхэмкІэ унэхэр зэрыщаухуэр.

Макаровым къыгъэлъэгъуащ Архитекторхэм я союзыр зыІууэ гугъуехь нэхъыщхьэхэри. Псалъэм папщІэ, абы кьелъытэ республикэм и кьалэхэр ухуэныгъэ къызэгъэпэщын хуейуэ, Налшык и генеральнэ планыр гъэхьэзырыпхьэу, зэбгъэтІылъэкІ мыхъун нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри щыІэу.

Президент Къанокъуэ Арсен зэрыжиІэмкІэ, Налшык ехьэлІа проект псоми езым щыгъэзэхуищІынущ, кьалэр теплъаджэ зыщІын ямыуиуэн щхьэкІэ.

ЗэІущІэм унафэу кьыщащтащ Кьалэ ухуэныгъэхэмкІэ совет Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж кьыщызэрагъэпэщыну. ЗэІущІэр зэрекІуэкІам нэхъ зыугбгъуэу тепсэлъыхь тхыгъэ мыгувэу би газетым тетынущ.

ГЪУЩІО Зарифэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъуэхэр щызыІыгъ цІыхухэм ахьшэкІэ яхуэупсэным, къэрал граждан къулыкъущІэхэм я улахуэм я Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №47-УП-м, 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м кьыдэкІам, зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъуэхэр щызыІыгъ цІыхухэм ахьшэкІэ яхуэупсэным, къэрал граждан къулыкъущІэхэм я улахуэм я Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ №47-УП-м, 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м кьыдэкІам, мыпхуэдэ зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 3-нэ пунктым и еІуанэ абзацым «0,8-рэ хуэдизкІэ» псалъэхэр «1,03-рэ хуэдизкІэ» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

б) 4-нэ пунктым и ещанэ абзацым «13,6-рэ хуэдизкІэ» псалъэхэр «16, 36-рэ хуэдизкІэ» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал къулыкъуэхэр щызыІыгъ цІыхухэм ахьшэкІэ яхуэупсэным, къэрал граждан къулыкъущІэхэм я улахуэм я Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №47-УП-м, 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м кьыдэкІам, зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 26-м кьыдигъэжІа Указ №23-УП-м кьару имыІэжу кьэлъытэн.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щытрадза махуэм щегъэжьауэ икІи кьыгъэуебыдэ 2009 гъэм щІышылэм и 1-м и ужькІэ кьыкьуэкІа хабзэ Іуэхуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мазаем и 10-м
№24-УП

Бечелов Ильяс КъБКъУ-м и студентхэм яІуощІэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щыхахыну махуэр къэбгъэщащ. Абы и пэ къиухуэу Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зэзыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым студентхэмра егъэджакІуэхэмра щалуІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

БЕЧЕЛОВЫР «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыщІалъэ хуэдамэн и спискэм хэту Іэ зыихуэІэтыныхэм ящІыщІ. Ар етІуанэ номерщ.

Къыхэхуэсахэм я пащхьэм щыщІыпсальэм Бечелов Ильяс къыхигъэщхьэхуакІащ иджыпрей парламент хэхыныгъэхэм мыхьэнэшхуэ дыдэ зэрарэр. Абыхэм кьариКІуэхэм куэдкІэ елъытауэ щытынущ республикэм и кьэкІуэнур, ар зытетыну политикэ, экономикэ гъуэгур, зэпІэзэрыпхыныгъэр, зыужьныгъэр.

- Иджы ялэ дыдэу КъБР-м и Парламеным и депутатхэр парт спискэхэмкІэ хахынущ. Апхуэдэ хабзэ зэрагъэувар щыхьэт тохьуэ жьлагъуэм демократием зэрызыщиужьым, парт ухуэныгъэр нэхъ куу зэрыхъум, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым.

Абы студентхэр щыгъуазэ ищІащ. «Зыуэ щыт Урысей» партым зэфІигъэкІ Іуэхухэм, и программэм щыубзыхуа кьаланэ нэхъыщхьэхэм. Ар апхуэдэу тепсэлъыхьащ республикэм и псэунигъэ-экономикэ щытыкІэм. Сликерым кьыкихигъэбелджылыкІащ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрыр ЮФО-м и щІыналъэхэу нэхъ псынщІэу икІи зэпІэзэрыту зызыужьхэм зэращыщыр. Иужь илъэсхэм республикэм и ІэнатІэ псоми зэхъуэкІыныгъэфІхэр кьыщыхуащ. Мыбы гупытэшхуэ щыхуащ спортым, узыншагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, мэкъумэш хозяйствэм я ІэнатІэхэм зегъэужьыным.

Парламентым и сикерым студентхэр щыгъуазэ ищІащ кризисым пэщІэт штабым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм, дуней псор зыхэт финанс гугъуехьхэм кьыхэкІыныкмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Студентхэм Іэмал яІащ езыхэр зыгъэпІейтей упщІэхэр Бечелов Ильяс иратыну икІи абыхэм я жэуапхэм едэІуэну. Ныбжьыщіэхэр хуейт коррупцэм пэщІэтын папщІэ эфІатІэкІэр, щІалэгъуалэр жьлагъуэ-политикэ гъащІэм, зэрыхьыхэр, промышленнэ Іуэхущапіэ инхэр эзфІагъэувэжьын папщІэ ялэжьхэр зрагъэщІэну. Студентхэр щІэупщІэрт вузхэр зыухэкІэ лэжьапІэ гъэувыным ехьэлІа Іуэхуэхэм, республикэм инвестицэхэу къэкІуэр зыхуэдизым. Апхуэдэу жаІэрт КъБКъУ-м и Іэшэлъэшэхэм транспортыр зэрыщыщэкІуэ щыкІэр ягъэтэмэным хуейуэ. Зы упщІи жуаІэпынщэу кьэнакъым.

- Дэ дыззрыгушхэн диІэщ, ди псэукІэр нэхъри едгъэфІэкІуэн папщІэ нэхъыфІыжу дылэжьэн хуейщ, - къыхигъэщхьэхуКІащ Бечеловым и псалъэм и кІэуэныр.

КъБКъУ-м и проректор Шыбзыхьуэ Азэмэт хьэщІэм фІыщІэ хуищІащ икІи кьыхигъэщхьэхуКІащ студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ Іэтым жыжьэру зэрыхэтынур.

БАТЫР Любэ.

●Гу зылъытапхъэ

ЯІуатэмрэ Іуэхум и пэжыпІэмрэ

«Ильясиц и пэкІэ Къанокъуэ Арсен республикэм и Іэтащхьэ хьурі, щыхуэм я гупсысэкІэ зэрыщІэхъуэ? Езыми дэ ди къыщыІыхуу пІэрэ?»

2005 гъэм Президент къулыкъум пэрыуеу Къанокъуэ Арсен иджырей Кьанокъуэм кьыззэрыщхьэщыкІым, абы и лэжьыгъэр зэрыухуэ щыкІэм, властымрэ оппозицэмрэ, финанс кризисым, хэхыныгъэхэм ятеуХуа и гупсысэхэм фыщигъэзгъэзэнуф Кайданов Аркадий игъэхьэзыра «Наёдине со всеми» нэтыным, Журналистым кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу игъэува упщІэхэм Президентым кьарит жэуапхэм щыгъуазэ зыфщыкиумэ, мазаем и 21-м сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 20-м «Россия», мазаем и 22-м сыхьэт 21-м «Мир» телеканалхэм апхуэдэ Іэмал кьыватынущ.

Хабзэр гъэзэщІэн хуейщ

(Налшык кьалэ, Кулиевым и уэрам, 16) икІи КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэмрэ хабзэхьумэ органхэмрэ зэпымыууэ ялыщІауэ щытынущ хэхыныгъэ законодательствэр кьыззэпаудыныр кьэмыгъэхьун, апхуэдэ кьэхьу хъужькьуэмэ, и чэзум сэтей кьащІын икІи ар ягъэзэкІуэжьын папщІэ.

Апхуэдэ гупхэр кьалэ, район прокуратурэхэми кьыщызэрагъэпэщащ. *Пэжькіуэ* гупым зэрызыпащІэ телефоныр: 40-45-51.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан,
КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакіуэ.

2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м республикэм и хабзэгъэуэ органым хэхьным зыщыхуагъэхьэзыр, хэхыныгъэхэр щекІуэкІ лъэхъэнэхэм хабзэр зэрагъэзащІым я пэІэ трагъэтын мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм зы гуп кьыщызэрагъэпэщащ. КъБР-м и прокурорым и апэ къуэдзэ Жекеев А. М. и унафэм щІэту.

ГУПЫМ кьалэну хуагъэуващ хэхыныгъэ хабзэр кьыззэпаудуэу кьалэрыхьэ хьыбарэхэм псынщІэу пэджэжьну, хэхакІуэ комиссэхэм ядэлэжьэну, абыхэм ягъэзащІэ Іуэхуэхэр езым и пащэм димыльхьэжу.

Хэхыныгъэхэр щекІуэкІыну махуэм гупым хэтхэр сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ 22-м нэсыху езыхэм я *Іэжьапі* Іэнатіэм щыІэнущ зэрызыжьыным и нэшэнэу хуит зыщІ щыхьэт тхьыпщ зэхуэсахэм Іэрагъэхьэжар.

ЗэІущІэр кьызэІуихащ КъБР-м и хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министр **Афэщіагъуэ Михаил:**

- Блокіа 2008 гъэм унагъэущІэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхуэхэм Правительствэм гулъытэщхуэ хуищІащ. 2007 гъэм Правительствэм унагъащІэхэм зэрызащІгъакьуэм и щыхьэт тхьапщ 156-рэ ятауэ арамэ, 2008 гъэм а бжыгъэр 426-м нэсащ. Ар ди республикэм зэрызижьыным и нэшэнэу кьызолъытэ. Нобэ фыщІыпхьэхэтшэсар «Псэупіэ» программэм дытету щыхьэт тхьытхэр фэттыжьыну аращи, си гугъащ фи гукьыдэжьыр абы кьиІэтыну, фи Іуэхугъэ кьыщыгъэнсыпщІыну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ **Чеченов Ануар** кьызэхуэсахэм ехьэхэхурі, щыхьэт тхьытхьэр зэщхьэгъуэсхэм яритыжащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

●Хэхыныгъэ-2009

Пэжыр жиІати

Украинэм и МИД-м жеІэ Черномырдин Виктор а къэралым кьриІэжкІыну.

Ар щІагъэкъуащІу жыхуаІэр Урысеім и лІыкІуэм дипломатиер щыгъупщауэ, здэщыІэ къуэралми абы и унафэщІхэми зэрытепсэлъыхьарщ.

Министрыр ехьуэж

Японием и премьер-министр Ассо Таро игъэзэщІащ къэралым финансхэмкІэ и министр Накагава Сюнити зыщІэлъэІуар, - ар и кьулыкъым тригъэкІащ.

Рим щекІуэкІа зэІущІэхэм шхуэм чэфу кьрихьэлІауэ яІуатэу, Накагава прессэм игъэкъуэнша нэужь, абы щхьэусыгъуэу кьигупсысафар и узынщагъэкІэ мыщІагъэуэ хущхъуэ зэрефэрт. Ауэ хущхъуэм апхуэдэу чэф ущыІынырі я фІэщ хьуакъым.

СССР-ми и гугъат

США-м и президент Барак Обамэ унафэ ищІащ иджыри зауэлІ мин 17 Афганистаным гъэкІуэн хуейуэ.

НобэкІэ США-м и зауэлІу Афганистаным щыІэщ мин 38-рэ, ахэр зыхуей- зыхуэфІкІэ кьызэгъэпэщу абы щаІыгъ цІыхум и бжыгъэри мин 30-м ноблагъэ. А къэралым зауэлІ нэхъыбэ гъэкІуэн зэрыхуейр Обамэ жиІат президент кьулыкъум зэрыпэрыувэу. Арщхьэкіэ, фІэщщІыгъуейщ а къэралым щыІэ щытыкІэм апхуэдэ щІыкІэкІэ зыпхуегъэхъуэжыну. ССР-ми и гугъат и сэлэтхэмкІэ Афганистаным и жьІэм щІигъэувэну.

Кризисым кьегъэув

УФ-м и Правительствэм и Премьер-министр Путин Владимир зэрыжиІамкІэ, 2009 гъэм и бюджетым зэхъуэжІыныгъэхэр хальхьэнущ, финанс кризисыр зэтеІыгъэным хуаутІыпщ ахьшэм и бжыгъэм хагъэхьуэн мурадкІэ.

- Бюджетым хэтлъхьэну зэхъуэжІыныгъэхэм я фІыгъэкІэ, мы гъэм къэдгъэсэбэпыну ахьшэм хэщІынукъым, атІэ хэхьуэну аращ, - щыжиІащ Путиным экономикэ Іуэхуэхэм я теухуауэ вэсэмахуэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

Ахьшэр хуаутІыпщынущ банккэм, экономикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, зыхьумэжьныкмкІэ промышленнэ комплексым, нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэми я Іуэху щыгъыкІэр егъэфІэкІуэным.

Абы папщІэ мы гъэм бюджетым хуримыкьуну проценти 6-р гъэтІылъыгъэ фондым къыхахыну я мурадщ.

«Манас» зэхуащІ

США-м и армабазэу Кьыргъызым щыІэр зэхуэщІыни хуейуэ къыхальхьа законым и проектым хэпльэну а къэралым и Парламентыр хьэзыри.

Абы дунейпсо Іуэхуэхмкіэ и кьудамэм вэсэмахуэ къыхилъхьащ мазаем и 19-м зи мычэу зэІущІэ егъэкІуэкІын хуейуэ, «Манас» авиабазэр зэрызэхуащІыну щыкІэм и хабзэр яубзыхун папщІэ.

Хэт захуэр?

ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ Европ судым дыгъуасэ газетхэм кьытригъэдзащ Урысейм и «ЮКОС» компание цІэрыІуэм и Іуэхукі кьищта унафэр.

Компаниемрэ и тхьэусыхафэм кьыщыгъэлъэгъуа кьудам судыр арэзы техьауащ. Псалъэм папщІэ, «ЮКОС» компаниер зэхуащІыжауэ, абы и адвокат Гарднер Пит суд Іуэхуэхэм зэхуэщ

Экономикэ | Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

ГАЙСАНОВ Рашид:

● Зэхъуэкіыныгъэхэр

Къэбэрдей-Балкъэрым дыдоплъей

«Российская газета»-м и корреспондентыр Іопсалъэ Ингуш Республикэм и премьер-министр Гайсанов Рашид.

- Мы зэманым Ингушыр къэдгъэкІыжыгъ, Я къудамыкъым трагъкІ правительствэм хэтхэри, жылагъуэ щхьэ хуэхэм я администрацэхэм я Іэ жьакІуэхэри. Абы къыдмышэну пІэрэ зэрыхьхьэрыпи мыщхьэпхьэхэр?

- Апхуэдэ шынагъэ зэрыщІыпи дощІэ. Ауэ нэгъуэщІ хэкІыпІэ диІэжьым. ИкъуэкІэ сэхъуат жьауэфІынигъэ зыпыльэ Іэнатіэхэм пэрыгъэх. Зы унафи яхуэщІыбгъэхьым республикэм и Іэ зищхьэжьгъэ абы къыкъуэхтэмрэ хуэмейуэ.

- УнафэщІыр щыягъэувкІэ, сыт нэхъ зыпытвгъэщІэр?

- Я Іпрауэ, кьыдолытэ щІыхум и щІэныгъэр, зэфІэкІхэр зыхуэдэр. ЕтІуанэрауэ, кьуныкъур тэмэму, зэманыщІэм кьыззэрІзуувым хуэдэу, зехьэн зэрыхуейр. ИджыпстУИнгушым властыр щІэзыІэщІэхъэм я нэхъыбэр «щІыхущІэхэм» яящыщІ.

- Хэт сымэ правительствэщІэм хэвгъэ хьар?

- Дэ кьыззэрытытэмкІэ, лэжьакІэ зыщІэхэрщ. Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ министерствэр Іэщ Іэтатъхьащ фермеру, кооперативым и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьам, Экономикэмкіэ министерствэм и Іэтащъэ тщІащ банк иным и Іуэхуэхэр зыхьзынэу зезыхьэфам. Мини-стрхэм ящыщу зи Іэнатіэр зэдмыгъэхъуэжар зы закъуэщ - узынщагъэр зыхуэмыкмкІэ жэуапткІуэу щытарщ. Ар зи Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, фІэІІыкІ зиІэ цІыху хъарзынэщ. Дэтхэнэ унафэщІмкІи кьыдэн щхьэхуэ-зыхуигъэувыжьыфу, ахэр игъэззэщІэфу, жэуапІыныгъэ хэпъу и Іуэхуэхэр дигъэкІыфу щытын хуейщ. Нэхъапэхэм премьерым къуэдзэ и пІалъ. Абыхъэм я зэхуэдэитІыр ирикъуну кьэпІыытащ ди республикэ мыиным и дежкІэ. Зы закъуэщ кьуэдзэхэм, президенту щытам и гупым хэтхэм ящыщу зи кьуныкъум кьыдеІэнар. НэгъуэщІ ІуэхущапІэхэм («ведомство» жьауэрІтІэхэм) кьуэдзэу кьахуэдгъэнар зырызщ. Ар, щІы хэмылъу, зыкъомы ягу ирикъакьым. Ауэ пІэхъэнэр зыхуэдэр, кризисыр кьыззэрытхьыпІэ кьэдмыльытэуи хъурыкьым.

- Ун кьуэдзэхэр кьыхъэзыхар, зыгъэувар уэрэ?

- Кьыхъэзыхар сэращ. Зыгъэувар президентырщ.

- Сыщымыгъэмэ, уэ Ингушым ильэс зыбжанэкІэ ушыджыащ, Дауэрэ къежьэкІа уи Іуэхуэхэр?

- Экономикэмкіэ министру илъэситІкІэ сыдэлэжащ Аушев Руслан, илъэсищкІэ - Зязиков Мурат. Ищхъэ федеральнэ окруным и полпредым и аппаратми сыхэтащ. ФІыуэ соцІыху Козак Дмитрий, округым и унафэщІэр. Си гугъащ ар иджыфей си Іэнатіэм сэбэпышхуэ кьыщыцхъэхьыжьыну.

- Сыт хуэдэ Іуэхуэхэра уэ Ингушым и дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэу кьэпІытэр?

- Лэжьапіэншагъэр. Ингуш лъэпкъым и зэ хуэдитІыр лэжьапіэ Іуткъым. Сыт тщІынур? Іэщ Іагъэ ІкІэуэ щагъэхьэзыр еджапІэ хэм зедгъэужьынущ. Ди цІыхухэр дгъэкІуэнущ лэжьакІуэ зыхуримыкъу щІыпІэхэм. Техникэм пыщІа Іэщ Іагъэ ІкІэуэ егъэджэным гулъытэ хэха хуэтщІынущ. Детъэгузавэ Щэзешыи, Осетие Ищхъэрэм кьикІыу ди деж кьэІэпхъуэхэр нобэр кьыздэсым дахэ-дахэу зыхуей зэрыхъэмыізэм.

- Президент Зязиковым куэдрэ жиІэу щытащ Ингушым промышленнэ предприятэхэр щыкъуэду щІыпІиплІ къыщызэгъэпэщын гъэзэкІуэнхэм уи унафэщІ. Щыщагъэм и уасэрщ щІыуэ къыщІэкІащ. Щыщагъэм и уасэр щІыуэхьым, щІэжьетыр хуэдитІкІэ ягъэмащІэн хуей хъуащ. Дяпэкіи, зэрыжаІэмкІэ, мыхьэнэщхуэ зиІэ кьэрал документым зэхъуэхькІыныгъэ игъэтынкІи хьунущ. Ар хьэдэгъуэдахэкъэ?

Пензяков В., *Дон Іус Ростов.*

- МЫЩЭРЕЙ бюджетыр зыгъэхьэзыра экономистхэм, пцІы хэмылъу, я кьалэныр яуэгъэззэщІакъым, - жеІэ Глобализацэмрэ социальнэ зэщІэхъеенныгъэ зэмкІэ институтым и унафэщІ **Кагарлицкий Борис**. - Абыхъэм я зэранкІэ улахуэ я кьрамыту кьэнэжкІэ хьунущ жэуапІныныгъэщхуэ зыпыльэ Іэнатіэхэм пэрыт щІыхуэхэр (егъэжакІуэ хэр, дохутырхэр, нэгъуэщІхэр). КьищынэмыщІауэ, щІыхуэхэр куэдкІэ зыщІыгугъ проектхэмрэ программэхэмрэ яхуэмыгъэзэщІэфынкІи щынагъэ щІыщ. Щэн хэмылъу, бюджетыщІэ зэхъэпытьхьэну зи пщэрыльхъэм зи гугъу тщІа ныкъусаныгъэхэм дерс щхьэпэ гуэрхэр ящыхахьпхъэщ.

- Кьэрал Думэм унафэ зэрищІамкІэ, властыр зыІэщІэлъхэм я кьалэныр щІыуэхэр зыщІэупщІэ псоми жэуап зэІуб зиратыну Ауэ а унафэр кьэрал хабзэ ткІий (закон) щыхъунущ 2010 гъэращ. Ар дауэ? Сыт щІыхуэхэр зыщІэхъуэхэм я жэуапхэм щыпсокІэ щыпсПІынуэр?

Корчагин Д., *Тулэ.*

- КЬЭРАЛ Ду мэм Информацэ политикэмкІэ, технологиемкІэ, связямкІэ и комитетым и Іэтащъэ **Комиссаров Валерий** кьыззэрыджІамкІэ, илъэс тІалъэр кьыхъэжьІэу щІыпІэ кьыхъэжьІэу ящІыпІэ псоми жэуап зэІуб зиратыну Ауэ а унафэр кьэрал хабзэ ткІий (закон) щыхъунущ 2010 гъэращ. Ар дауэ? Сыт щІыхуэхэр зыщІэхъуэхэм я жэуапхэм щыпсокІэ щыпсПІынуэр?

Корчагин Д., *Тулэ.*

- КЬЭРАЛ Ду мэм Информацэ политикэмкІэ, технологиемкІэ, связямкІэ и комитетым и Іэтащъэ **Комиссаров Валерий** кьыззэрыджІамкІэ, илъэс тІалъэр кьыхъэжьІэу щІыпІэ кьыхъэжьІэу ящІыпІэ псоми жэуап зэІуб зиратыну Ауэ а унафэр кьэрал хабзэ ткІий (закон) щыхъунущ. Ар дауэ? Сыт щІыхуэхэр зыщІэхъуэхэм я жэуапхэм щыпсокІэ щыпсПІынуэр?

Корчагин Д., *Тулэ.*

- КЬЭРАЛ Ду мэм Информацэ политикэмкІэ, технологиемкІэ, связямкІэ и комитетым и Іэтащъэ **Комиссаров Валерий** кьыззэрыджІамкІэ, илъэс тІалъэр кьыхъэжьІэу щІыпІэ кьыхъэжьІэу ящІыпІэ псоми жэуап зэІуб зиратыну Ауэ а унафэр кьэрал хабзэ ткІий (закон) щыхъунущ 2010 гъэращ